

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan bisa dicindekeun sababaraha hal ieu di handap.

- a. Kaédah narjamahkeun kitab koneng bia
- b. sana dumasar kana élmu nahwu jeung shorof. Élmu nahwu mangrupa adegan maca harokat (baris) tungtung kecap basa Arab pikeun nangtukeun kalungguhanana dina kalimah. Ieu hal kacida pentingna pikeun narjamahkeun kitab konéng, sabab beda harokat (baris) tangtu beda kalungguhanana jeung hartina. Kitab nahwu dasar anu mimiti wajib dikawasa di Pasantrén Miftahulhuda Al-Musri Cianjur nya éta kitab *Al-jurumiyyah* anu dipedar ku Imam Abi Abdillah Muhammad Bin Daud Sonhaji. Sedengkeun élmu shorof mangrupa élmu anu medar ngeunaan wangun kecap pagawéan, robahna hiji kecap jadi sawatara kecap séjén jeung kecap gaganti (dhamīr). Kitab shorof dasar anu mimiti wajib di kawasa ku santri di Pasantrén Miftahulhuda Al-Musri Cianjur nya éta kitab *At-tasrīfi Al-izzī* anu dipedar ku Izzudin Abi Al-fadhoil Ibrahim Bin Abdul Wahhab Bin Imaduddin Az-zinjani.
- c. Méthode narjamahkeun kitab konéng di Pasantrén Miftahulhuda Al-Musri Cianjur kapanggih aya opat, di antarana nya éta sorogan, balagan, talaran, jeung tarkiban. Méthode sorogan mangrupa méthode pangajaran narjamahkeun kitab konéng ku cara santri langsung macakeun teks terus narjamahkeunana numutkeun kaedah lumaku dihareupeun ustadna. Peran ustad kacida gedena dina ngaping santrina pikeun ngarahkeun santri dina maca jeung narjamahkeun kitab konéng. Méthode balagan mangrupa hiji méthode pangajaran kitab konéng kalawan cara ustad macakeun, narjamahkeun, jeung ngajelaskeun teks materi kitab konéng. Pancen santri dina ieu méthode nya éta ngaregepkeun ustadna kalawan mere tulisan/logatan mangrupa mere baris/syakal, tarjamahan, sarta

keterangan tambahan kana kitabna ngeunaan materi kitab konéng *Métode* talaran atawa tahfid mangrupa métode diajar kitab konéng ku cara nalar hiji teks kitab konéng kalawan diaping jeung pangawasan ustadna, para santri di béré pancen nalar bacaan-bacaan kitab konéng dina jarak waktu anu geus ditangtukeun *Métode* tarkiban mangrupa métode gabungan tina métode diskusi jeung debat. Ieu métode merlukeun rarancang, gawe bareng, kawani santri pikeun nepikeun pamadeganana, jeung toleransi antara kelompok tarkiban.

- d. Kamampuh santri dina narjamahkeun kitab konéng di di Pasantren Miftahulhuda Al-Musri Cianjur kaasup kana katégori sedeng. Dumasar hasil ngolah data dina hasil panalungtikan bisa kanyahoan kamampuh santri dina tiap tingkatan di antarana: 1) kamampuh santri tingkat Ibtida'iyah dina narjamahkeun kitab konéng kaasup kana katégori sedeng kalawan rata-rata hitung (x) 72, 2) kamampuh santri tingkat Tsanwiyyah dina narjamahkeun kitab konéng kaasup kana katégori sedeng kalawan rata-rata hitung (x) 76, 3) kamampuh santri tingkat Aliyah dina narjamahkeun kitab konéng kaasup kana katégori sedeng kalawan rata-rata hitung (x) 85, jeung 4) kamampuh santri tingkat Aliyah dina narjamahkeun kitab konéng kaasup kana katégori sedeng kalawan rata-rata hitung (x) 77.

5.2 Saran

Dumasar kacindekan di luhur, pikeun ngungkulan masalah narjamahkeun kitab konéng aya sababaraha saran di antarana: 1) peran ustad dina méré pamahaman ngeunaan élmu nahwu jeung shorof kacida pentingna nepi ka santri ngawasa kaparigelan narjamahkeun kitab konéng, 2) ngagunakeun métode anu leuwih éféktif dina pangajaran narjamahkeun kitab konéng, 3) ustad ngabiasakeun santrina pikeun narjamahkeun kitab konéng dina basa anu biasa digunakeun nepi ka hasil tarjamahan kaharti ku batur, 4) ngagunakeun rupa-rupa bacaan anu ngarojong kana kaparigelan narjamahkeun kitab konéng, 5) leuwih éféktif dina ngagunakeun kamus, 6) ayana remedial pikeun santri anu can nyumponan kana niléy anu ditangtukeun jeung mere pengayaan pikeun santri anu leuwih punjul tinimbang santri séjénna, jeung 7) bagian kurikulum nangtukeun kompéténsi anu

jelas pikeun ustad-ustad anu ngajar sarta ngaevaluasi metode anu digunakeun dina pangajaran narjamahkeun kitab konéng.

Pasantrén mangrupa lembaga pendidikan Islam anu mibanda tujuan neuleuman ajaran agama jeung pentingna moral sarta ngamalkeun ajaran agama dina kahirupan sapopoé pikeun kahirupan di dunya jeung ahérat. Pasantrén mibanda unsur-unsur sistem pendidikan, di antarana: kiyai, ustad, santri, tujuan pendidikan, filasafat pendidikan, sumber diajar, kurikulum, sarana, evaluasi jeung sajabana. Ieu unsur-unsur pendidikan pasantrén tangtuna bisa jadi objék anu matak ngirut pikeun ditalungtik.

Panalungtikan ngeunaan métode pangajaran narjamahkeun kitab konéng masih kénéh jarang ditalungtik, padahal ieu métode pangajaran narjamahkeun kitab konéng téh masih réa digunakeun di pasantrén–pasantrén tradisional anu basisna Nahdahatul Ulama (NU). Métode pangajaran anu dianggap statis jeung tradisional, tapi masih keneh tetep dipertahankeun ku pasantrén-pasantrén tradisional tangtuna waé jadi objék anu matak ngirut pikeun ditalungtik. Ku kituna, diperlukeun diperlukeun panalungtikan saterusna ngeunaan sistem pangajaran di pasantrén salafiyah/tradisional tina rupa-rupa jihat. Ieu panalungtikan masih kénéh héngkér tur déét, tapi mugia pasualan anu nyampak tapi teu kapaluruh bisa jadi bahan panalungtikan-panalungtikan anu saterusna.

Basa sasaran anu digunakeun dina narjamahkeun kitab konéng anu kapanggih aya dua nya éta basa Sunda jeung Jawa. Ayana basa Jawa anu digunakeun pikeun narjamahkeun kitab konéng di wewengkon Jawa Barat tangtuna jadi bahan panalungtikan pikeun panalungtik saterusan. Oge sakumaha pamanggih dina ieu panalungtikan nya éta aya pangaruh basa Jawa dina narjamahkeun kitab konéng anu ngagunakeun basa Sunda kacida pentingna pikeun ditalungtik.

Program Studi Pendidikan Basa jeung Budaya Sunda Pascasarjana UPI salaku lembaga atikan basa Sunda tingkat luhur, kudu niténan sistem pangajaran di pasantrén-pasantrén tradisional. Ayana basa Sunda has pasantrén anu jadi basa

sasaran dina narjamahkeun kitab konéng ogé metode pangajaran di pasantrén jadi objék panalungtikan wajib pikeun mahasiswa. Pasualan pungsat bahan dina ieu panalungtikan mugia teu kapanggih ku panalungtik séjén upama ieu masalah sok ditalungtik.

Sistem pangajaran anu digunakeun di pasantrén Miftahulhuda Al-Musri Cianjur perlu dironjatkeun pikeun ngahasilkeun santri-santri anu hadé kualitasna sarta narima métode pangajaran anu leuwih inovatif.